



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE NOUYÒKÈ POU YO KONSYAN SOU PRI EKSESIF  
APRÈ EVÈNMAN TAN EKSTRÈM YO**

*Yo deklanche lwa sou pri eksef nan zòn ki afekte yo pou pwoteje konsomatè yo*

*Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la pral ede depoze plent*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te avèti Nouyòkè yo pou yo konsyan sou posiblité ogmantasyon pri pou kèk atik apre evènman metewolojik ekstrèm yo nan Rejyon Mid-Hudson ak zòn Canandaigua nan Konte Ontario. Nan dat 10 jiyè 2023, Gouvènè Kathy Hochul te deklare yon eta dijans pou [plizyè konte](#) paske gwo lapli te lakòz gwo inondasyon, anpil fèmti wout ak lòt enpak ki gen rapò ak tanpèt la. Deklarasyon yon eta dijans te deklanche lwa sou pri eksef nan Eta New York, ki entèdi vann machandiz oswa sèvis bay konsomatè nan yon zòn ki afekte a pou yon pri eksef yon fason ki pa rezonab.

"Li pa rezonab pou revandè yo moute pri yo pandan Nouyòkè yo ap soufri anba enpak devastatè evènman move tan yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan kominote yo ap kontinye rekipere apre gwo inondasyon yo, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan ak okouran sou potansyèl eskwo yo. N ap kontinye fè tout sa nou kapab pou rann responsab move aktè k ap chèche pwofite sou konsomatè yo nan moman yo nan bezwen."

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Gwo lapli ak gwo inondasyon fè ravaj nan kominote yo atravè Eta New York. Pandan Nouyòkè yo nan zòn ki afekte sa yo kòmanse rekipere anba efè move tan yo, li enpòtan pou nou veye nenpòt biznis k ap chaje yon pri ki twò wo oswa ki pa rezonab pou machandiz ak sèvis yo epi rapòte yo imedyatman."

Yon machann petèt ka "moute pri" lè, pandan gen yon entèripsyon nòmal nan mache a pou machandiz ak sèvis ki enpòtan epi ki nesèsè pou sante, sekirite ak byennèt konsomatè yo oswa piblik la an jeneral, komèsan an ogmante pri yo yon fason konsiderab - li chaje yon "pri ki twòp san rezon" - nan yon zòn ki kouvri pa deklarasyon Eta Dijans Gouvènè a.

Yon machann pa gendwa chaje "pri ki twòp san rezon" nan zòn ki afekte a pou:

- Machandiz oswa sèvis yo itilize prensipalman pou objektif pèsonèl, pou fanmi oswa nan kay la;
- Founiti ak sèvis medikal esansyèl yo itilize pou bay swen, alèjman swen, tretman oswa prevansyon nenpòt maladi; oswa
- Nenpòt lòt byen ak sèvis esansyèl yo itilize pou ankouraje sante oswa byennèt piblik la.

Yon entèripsyon anòmal nan mache a se yon chanjman menasan reyèl oswa iminan nan mache a ki soti nan nenpòt pami plizyè evènman ke yo legalman rekonèt, tankou estrès move tan, pètibasyon nan lanati, echèk oswa mank enèji elektrik oswa lòt sous enèji, oswa lòt kòz yon entèripsyon nòmal nan mache a ki lakòz yon deklarasyon yon eta dijans pa Gouvènè a.

Anjeneral, yon tribinal ka jwenn yon "pri eksèsif yon fason ki pa rezonab" lè:

1. Gen yon gwo diferans ant pri ke vandè a te chaje pandan entèripsyon nòmal nan mache a pase pri yo te chaje imedyatman anvan aparasyon evènman move tan an ke menm vandè a te chaje; oswa
2. Pri ke yon vandè te chaje pandan move tan an oswa evènman sante piblik la depase anpil pri pou machandiz ak sèvis ki menm oswa similè ke lòt konsomatè nan zòn ki afekte a ka fasilman jwenn.

### **Repons konsomatè a pri abizif**

Nenpòt Nouyòkè ki wè byen ak sèvis pou konsomatè ki gen yon pri ki twòp ke yo itilize prensipalman pou rezon pèsonèl, fanmi oswa nan kay pou anpeche oswa reponn ak gwo move tan yo ta dwe pote yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP) Eta New York lè li rele Liy Asistans pou Konsomatè DCP a nan 800-697-1220 oswa vizite sit entènèt DCP la nan

[www.dos.ny.gov/consumerprotection](http://www.dos.ny.gov/consumerprotection). Yo ka depoze plent kont vandè, detayan ak founisè k ap fè biznis nan Eta New York yo.

Lè w ap fè rapò, prepare w pou bay detay sou swadizan pri abizif la pou w enkli lokal komèsan an ak nenpòt prèv ki disponib pou pri eksèsif, tankou resi oswa foto.

Inite Asistans Konsomatè DCP a pral revize plent lan, epi si sa apwopriye, angaje nan medyasyon volontè nan non konsomatè a oswa voye plent lan bay Biwo Pwokirè Jeneral la pou kòmanse yon aksyon aplikasyon lwa. Nan nenpòt ka, Inite Asistans Konsomatè a pral kenbe konsomatè a enfòm sou tout mezi yo pran pou yo. Gen plis enfòmasyon sou pri abizif pandan evènman metewolojik yo ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la**

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la bay konsomatè yo resous ak materyèl edikasyon sou sekirite pwodui a, ansanm ak sèvis medyasyon volontè ant konsomatè yo ak biznis yo. Liy Èd Asistans Konsomatè a 1-800-697-1220 disponib soti lendi rive vandredi depi 8:30am rive 4:30pm, sa pa enkli peryòd Vakans Eta a yo, epi nou kapab depoze plent konsomatè yo nenpòt lè nan [www.dos.ny.gov/consumer-protection](http://www.dos.ny.gov/consumer-protection).

Pou plis konsèy sou pwoteksyon konsomatè, swiv Divizyon an sou rezo sosyal nan Twitter [@NYSConsumer](https://twitter.com/NYSConsumer) ak Facebook: [www.facebook.com/nysconsumer](https://www.facebook.com/nysconsumer).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)